

## Inite Pwoteksyon Konsomatè

### *Konsènan Inite a*

Inite Pwoteksyon Konsomatè a fè pati Divizyon Pwoteksyon Fwòd ak Konsomatè Biwo Pwokirè Jeneral la. CPU a responsab pou fè respekte lwa pwoteksyon konsomatè Delaware yo ak pwoteje piblik la kont fwod konsomatè ak eskwokri. Anplis poze aksyon pou fè aplike lalwa kont moun ki vyole lwa pwoteksyon konsomatè nou yo, CPU a patisipe tou nan aktivite sansibilizasyon kominotè ak edikasyon konsomatè yo, angaje li nan defans konsomatè yo, epi kontribye aktivman nan ankèt ak inisyativ kowòdone eta ak federal yo sou pwoteksyon konsomatè yo.

Yon lòt pati enpòtan nan travay Pwoteksyon Konsomatè a se bay sitwayen Delaware yo enfòmasyon ki nesèsè pou evite yo viktim fwod konsomatè epi ede yo pran desizyon saj pou achte. Nou rankontre ak gwoup kominote yo epi nou bay enfòmasyon enpòtan atravè seminè, prezantasyon ak lòt evènman konsomatè yo. Nou bay Alèt Konsomatè yo epi distribye bwochi ak fèy enfòmasyon ki gen bonjan konsèy pou konsomatè yo. Bwochi ak enfòmasyon nou yo disponib pa lapòs epi yo sou sitwèb sa a. Pwokirè Jeneral la ak Inite Pwoteksyon Konsomatè yo travay ak ajans lokal, eta ak federal yo pou kowòdone efò investigatif, ranfòsman, ak edikasyon pou pwoteje sitwayen nou yo epi fè respekte lwa nou yo. Si w ta renmen gen yon manm Inite Pwoteksyon Konsomatè a pale ak gwoup ou oswa òganizasyon w, tanpri rele nou nan (800) 220-5424 oswa (302) 683-8800.